

**24 Jiyè 2020**

**Pwolongasyon sou Enstriksyon sou Vwayaj pou COVID-19**

Chè Kominote Kanpis la,

Inivèsite a ap swiv enstriksyon Depatman Eta Ameriken, Sant kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) gouvènman federal la, Gouvènè ak Depatman Sante Eta Maryland, konsènan vwayaj pandan pandemi global kowonaviris la.

Akoz menas kontinyèl pandemi kowonaviris la, aplikab jiskaske gen yon lòt avi ki soti, restriksyon sa yo ap pwolonje [ansyen enstriksyon yo](#) pou tout vwayaj ki gen rapò ak inivèsite a pou fakilte, etidyan ak pèsònèl, ki enkli nenpòt vwayaj ki te deja apwouve. Vwayaj ki gen rapò ak inivèsite a se vwayaj ki gen pou objektif edikasyon, rechèch oswa biznis ki lye dapre afilyasyon moun kap vwayaje a ak inivèsite a san konte mwayen finansye yo.

- Pran prekosyon epi analize siw gen entansyon vwayaje.
- Nou entèdi vwayaj entènasyonal ki gen rapò ak inivèsite (sa vle di yo pap otorize oswa ranbouse avèk lajan kontwole inivèsite a).
- Nou dekouraje ak tout fòs tout vwayaj entènasyonal ki pèsònèl.
- Nou entèdi tout vwayaj ki gen rapò ak inivèsite a, nan peyi nan yon lòt eta, ki pa yon nesosite (sa vle di yo pap otorize oswa ranbouse avèk lajan kontwole inivèsite a).
- Vwayaj nan yon lòt eta ki gen rapò ak yon travay regilye otorize.
- Dwayen ak Vis Prezidan yo gen otorite pou evalye ki vwayaj ki esansyèl ak abòde lòt kesyon ki gen rapò ak sa.

Mèsi paske wap swiv enstriksyon sa yo.

Mary Ann Rankin  
Vis Prezidan Prensipal pou Afè Akademik ak Dwayèn

Carlo Colella  
Vis Prezidan pou Administrasyon ak Finans

Resous yo:

- [Enstriksyon Depatman Eta Ameriken pou Vwayajè](#)
- [Enstriksyon CDC pou Vwayaj](#)
- [Enstriksyon Eta Maryland pou Vwayajè](#)